

ADULT EDUCATION CENTER

LÈT ENFÒMASYON

2010 - 2011

Dr. Cynthia Smith, Direktris
Ms. Elizabeth Fields, Asistan Direktè
Ms. Diane Tidwell, Asistan Direktè

2161 N. Military Trail, West Palm Beach – FL 33409

(561) 616-7800



Misyon

Misyon sant edikasyon pou granmoun se garanti opòtinite pou tout elèv resevwa bon jan konesans ak devlope abilte pou yo reyisi nan lavi-a ak nan travay.

Sant edikasyon pou granmoun (Adult Education Center) se yon lekòl piblik. Pifò klas yo GRATIS. Ou kapab rantre nan lekòl la kèkilanswa pwen w fè nan egzamen admisyon an. Lekòl la itilize tès rantre yo sèlman pou plasman ak plan endividyel pou ede w aprann.

Enskripsyon:

Genyen enskripsyon nan sant edikasyon pou granmoun (Adult Education Center) tout ane eskolè-a ak pandan lete tou. Tout nouvo elèv dwe pran tès evalyasyon anvan yo rantre nan klas. Pou w kapab pran tès evalyasyon an ou dwe presante yon pyès idandite ofisyèl ki gen foto ou lè w ap vini pran randevou a. Nou bay tès yo nan maten, apremidi ak aswè.

Kiyès pou w rele:

Pou plis enfòmasyon rele nan (561) 616-7815 pou klas "GED", "ABE" or "AHS", (561) 616-7800 pou klas anglè (ESOL) oswa pase nan "Adult Education Center", 2161N. Military Trail, West Palm Beach, Fl. 33409.

Fè chwa ou vle

Aptitud pou travay ak mendèv / Orè fleksib / Konsèy pou pwofesyon ak konsèy Akademik / Pwogram endividyel / Pwogram nan konpitè ki ede w aprann.

LÈS SÈVIS PIBLIK

Orè lekòl la

Sant lan genyen klas lajounen ak aswè soti out 2009 rive jiyè 2010.

lendi - jedi , 8h00 a.m. – 9h00 p.m.
vandredi, 8h00 a.m. – 3h30 p.m.

Bibliyotèk

Nan bibliyotèk la genyen divès materyel ki sipòte kourikoulòm lekòl la. Genyen liv enfòmasyon, genyen tou liv pou satisfè plezi lekti. Elèv yo kapab prete liv pou debitan oswa liv ak kasèt tou. Elèv yo kapab fè devwa nan konpitè, yo kapab ale nan entènèt; oubyen yo kapab itilize materyel ki sou kontwa yo.

8h 00 a.m. – 1h 30 p.m. Lendi, jedi ak vandredi
8h 00 a.m. – 9h 00 p.m. Madi ak mèkredi

Biwo Konseye

Konseye yo bay elèv yo konsèy akademik, pwofesyonel ak pèsone pou ede yo chwazi edikasyon ak pwofesyon yo vle a. Konseye yo refere elèv yo nan pwogram teknik ak pwofesyonel apwopwiye apre lekòl segondè, epi yo bay enfòmasyon jeneral sou kolèj ak èd finansyè.

8h 00 a.m. – 9h 00 p.m. Lendi – Jedj
8h 00 a.m. – 3h 30 p.m. Vandredi

Sant ki ede w chwazi pwofesyon

Pwofesè responsab sant la ofwi sèvis pwofesyonel ak lòt resous tankou idantifye enterè, aptitud ak valè, esplwore opsyon okipasyonel ak edikasyonel, aplikasyon ak kapasite pou travay, motive elèv yo pou fè anpil efò, òganize "job fairs" pou fasilite entèvyou travay nan lekòl la.
8h 00 a.m. – 3h 00 p.m. Lendi - Vandredi

www.TheAdultEducationCenter.com

Edikasyon Jeneral*

Edikasyon preliminè pou granmoun (ABE)

Nan klas alfabetizasyon "ABE" yo anseye granmoun ki te rive nan 5èm segondè oswa piba, matyè preliminè ak fason pou viv. Yo prepare yo tou pou klas preparasyon "GED".

JOU
Lundi - Vandredi
Lundi - Vandredi
Lundi - Jedi

Program Edikasyon Jeneral (GED)

Klas "GED" prepare granmoun ki te rive nan 4èm segondè oswa piwo. Lè w pase tès "GED" ou vin genyen yon diplòm klas segondè leta Florid. Genyen 5 tès "GED": Matematik, Disètasyon, Lekti, Syans ak Syans Sosyal.

LÈ
8h00 a.m. – 10h30 a.m.
11h00 a.m. – 1h30 p.m.
6h00 p.m. – 9h00 p.m.

Lekòl Segondè pou Granmoun

Pou genyen diplòm ofisyèl legòl segondè nan rejyon "Palm Beach" yon elèv bezwen 24 kredi, 2.0 mwayèn jeneral, epi pase tès evalyasyon konsepsyon jeneral pou eta Florid (FCAT). Elèv ki kite lekòl segondè prensipal, ki bezwen sèlman 2 kredi oswa bezwen preparasyon entansif pou FCAT kapab enskri nan klas segondè pou granmoun.

JOU LÈ
Lundi - Vandredi 11h00a.m. – 1h30p.m.

ENSKRIPSYON NENPÒT LÈ

**Genyen kelke klas sou entènèt. Pou plis enfòmasyon, wè ak yon konseye.*

SITWAYÈNTE

Klas sa prepare granmoun pou pran tès natiralizasyon (tès pou vini sitwayen ameriken).

JOU LÈ
Lundi - Vandredi 11h30 a.m. – 1h30 p.m.
Lundi - Jedi 3h30 p.m. – 5h30 p.m.

Enskripsyon sou randevou

ANGLÈ POU MOUN KI PALE LÒT LANG (ESOL)

Nan klas (ESOL) yo anseye granmoun anglè kòm yon 2èm/lang adityonèl. Genyen ti klas jiska klas avanse avanse.

JOU LÈ
Lundi - Vandredi 8h00 a.m. – 11h00 a.m.
Lundi - Vandredi 11h30 a.m. – 1h30 p.m.
Lundi - Jedi 6h00 p.m. – 9h00 p.m.

ENSKRIPSYON NENPÒT LÈ

KALENDRIYE ESKOLÈ

PWOGRAM YO KOMANSE 17 OUT 2010 FINI 2 JEN 2011

DAT	KONJE	DAT	KONJE
5 jiyè 2010	Jou endependans	17 janvyè 2011	Jou fèt M.L. King
6 septanm 2010	Jou fèt travay	14-18 mas 2011	Vakans prentan
9 Septanm 2010	Jou konje lotòn	30 me 2011	Jou fèt solda ki te mouri nan lagè
24-26 novanm 2010	Jou aksyondegras		
20-31 desanm 2010	Vakans livè		

KOUDETE 6 jen 2011 – 8 jiyè 2011**

Si w bezwen plis enfòmasyon sou opòtinite lekòl la ofri, rele nan nimewo sa yo:

Preparasyon G.E.D./ Edikasyon preliminè pou granmoun/ Lekòl segondè pou granmoun..... (561) 616-7815

Klas anglè pou moun ki pale lòt lang (ESOL)..... (561) 616-7800

***Dat sa yo kabap chanje*